



LEVANJIL LA DAPRE MATYE

KESYONÈ LEKTI

Jwenn repons ki kòrèk la pou chak kesyon.

1. Nan premye chapit Levanjil selon Matye a, genyen 3 non ki te ka itilize pou fè referans ak pitit Bondye a:

- a. Emanyèl/ Jezi/ Sovè
- b. Emanyèl/ Jezi/ Pitit gason bòs chapant lan
- c. Emanyèl/ Jezi/ Nazareyen

2. Levanjil Matye a kòmanse avèk kisa?

- a. Yon pwofesi sou nesans Jezi
- b. Yon rezime sou lavi Jezi
- c. Jeneyaloji Jezi

3. Pou yon moun ki pa genyen, nou pral pran menm sa li genyen an. Ki parabòl li ye?

- a. Parabòl talan yo
- b. Parabòl 2 pitit gason yo
- c. Parabòl moun k ap simen grenn nan

4. Nan vèsè 39 chapit 23 a, li di : « Paske, m ap di ou sa : Depi jodi a, nou p ap wè m ankò jouk lè a va rive pou nou...»

- a. Fè volonte papa m ki nan syèl la !
- b. Fòsse Peyi Wa a ki nan syèl la !
- c. Di: Benediksyon pou moun ki vini nan non Senyè a !

5. Nan vèsè 11 chapit 22 a, nan parabòl fèt maryaj ki tap fè nan onè pitit gason wa a, yo te kouri dèyè yon nonm, paske:

- a. Li pa t envite
- b. Li pa t abiye byen
- c. Kè li te ranpli ak rayisman

6. Kiyès nan parabòl sa yo ki ekri nan Levanjil selon Matye nan chapit 20 an ak vèsè 1-16 ?



- a. Travayè yo nan onzyèm èdtan an
- b. Entandan fidèl la
- c. Sèvitè yo ki t ap tann retou mèt la

7. A ki moun Jezi te di pawòl sa a « Swiv mwen, m ap fè nou touen pechè moun pito»?

- a. Pyè ak Jan
- b. Andre ak Jan
- c. Pyè ak Andre

8. Nan twazyèm chapit Levanjil selon Matye a, Jezi, nan konvèsasyon li te genyen avèk Jan Batis, li te di premye pawòl sa yo:

- a. Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye...
- b. Repanti paske Wayòm wa a...
- c. Kite sa fèt konsa koulye a...

9. Konbyen fwa dyab la te tante Jezi Kris nan dezè a ?

- a. 3 fwa
- b. 7 fwa
- c. 6 fwa

10. Paske wayòm Bondye a fòse, ki bon kalite ki vin esansyèl ?

- a. Lè ou saj
- b. Lè ou se yon moun ki pa timid devan moun
- c. Lè ou vyolan

11. Nan vèsè 31 chapit 12 la, Jezi di gen yon peche ki pa ka jwenn padon.

- a. Touye moun
- b. Idolatri
- c. Bay manti sou Sentespri a

12. Moun sa yo te bay enpòtans ak bagay ki manke enpòtans, men yo te neglige bagy ki te pi enpòtan yo tankou: jijman, pitye, fidelite. Kilès moun sa yo?

- a. Farizyen yo
- b. Pèseptè taks yo



- c. Payen yo

13. Gen yon mirak Jezi te fè ki pa t menm jan ak lòt yo, paske li te bay madichon. Ki mirak sa a?

- a. Mirak miltiplikasyon pen yo
- b. Gerizon paralitik la
- c. Fig frans lan

14. Disip Jezi sa a te toujou parèt pi vivan pase lòt yo, epi se li ki te toujou plis pale pase lòt yo. Ki moun li ye?

- a. Jan
- b. Pyè
- c. Jida

15. Nan vèsè 4 chapit 16 la, Jezi te di moun yo, yo pap jwenn lòt mirak pase...

- a. Mirak fig frans lan
- b. Mirak filè plen ak pwasyon yo
- c. Mirak Jonas la

16. Ki moun ki te trayi Jezi ?

- a. Jida Tade
- b. Jida Iskaryòt
- c. Jozèf

17. Kiyès nan disip yo ki te avèk Jezi lè figi l te chanje sou mòn nan ?

- a. Pyè/ Andre/ Jak
- b. Pyè/ Jak/ Jan
- c. Pyè/ Andre/ Matye

18. Pandan figie Jezi te chanje a nan Matye 17 vèsè 1, ki 2 moun sa yo ki te parèt ?

- a. Moyiz ak Eli
- b. Abraram ak Éli
- c. Moyiz ak Énòk



19. Kiyès nan disip Jezi yo ki te frè ?

- a. Pyè ak Andre/ Jak ak Jan
- b. Matye ak Pyè/ Jak ak Jan
- c. Pyè ak Andre/ Matye ak Lik

20. Ki disip Jezi nou ka di feblès li te manifeste nan sa ki te sanble fòs li, men,erezman, repantans li te kòmanse imedyatman aprè echèk li.

- a. Jida
- b. Pyè
- c. Jan

21. Nan vèsè 12 chapit 26 la, yon fanm gaye yon pafen ki te koute anpil kòb nan tèt Jezi. Aksyon li te fè te vle di anpil bagay pou Jezi...

- a. Paske se te pou antèman l
- b. Paske se te pou adore l
- c. Paske se te yon fason pou te di 1 mèsi

22. Ak kisa yo te trayi Jezi?

- a. Yon pawòl
- b. Yon kout je
- c. Yon bo bò figi

23. Ki kote Jezi te fè deklarasyon sa a : gade, priye, pou nou pa tonbe anba tantasyon. Lespri a dispoze, men kò a fèb.

- a. Sou mòn lan pandan transfigirasyon li a
- b. Nan jaden de Jetsemane a
- c. Nan kannòt lan ansanm ak disip yo

24. Matye 26 : 24, Moun Bondye voye nan lachè a prale, jan sa te ekri sou li a. Men, madichon pou moun k ap trayi l la.

- a. Li ta pi bon pou yo ta fè nonm sa a pase mizè
- b. Li ta pi bon pou nonm sa a pa t jan fèt
- c. Li ta pi bon pou nonm sa a si l te gen lalèp ki se yon move maladi



25. Kiyès nan disip Jezi yo ki te gen manman yo ki te vin mande l yon favè pou yo?

- a. Jan ak Jak
- b. Jan ak Andre
- c. Jan ak Pyè

26. Daprè Matye 18 : 15, Si frè w la fè peche... Ki premye bagay pou fè ?

- a. Ale epi pran li sou kote pou rezoud sa ak li
- b. Ale ak 2 moun pou fè 1 wè sa 1 fè a pa bon
- c. Di sa 1 fè a devan tout legliz la

27. Matye 27:57 pale nou sou yon nonm ki Jozèf nan lavil Arimate. Kisa nou konnen sou li?

- a. Li te yon disip Jan Batis, zanmi Jezi epi pwopriyetè yon kavo tou nèf.
- b. Li te yon disip Jezi, yon nonm rich epi pwopriyetè yon kavo tou nèf.
- c. Li te yon malad Jezi te geri, yon nonm rich, pwopriyetè yon kavo tou nèf.

28. Matye 28:7 ak Matye 26:32 pale nou sou yon kote Jezi te rankontre ak disip li yo aprè lanmò li. Ki kote sa a?

- a. Jerizalèm
- b. Kapènawòm
- c. Galile

29. Kouraj ak devouman disip yo te febli. Men fanm yo te rete lwen ap gade tout sa ki t ap pase nan Gòlgota. Daprè Matye 27, kiyès yo ye?

- a. Mari moun lavil Magdala, Mari, manman Jak ak Jozèf, ak yon lòt Mari.
- b. Mari moun lavil Magdala, Mari, manman Jak ak Jozèf, ak manman pitit Zebede yo.
- c. Mari moun lavil Magdala, Mari, manman Pyè ak Andre, ak manman pitit Zebede yo.

30. Jezi te di 7 pawòl lè li te sou lakwa, men se yon sèl yo kenbe nan liv Matye a. Ki pawòl sa a?

- a. Papa, mwen remèt lavi m nan men ou.
- b. Bondye mwen, Bondye mwen, poukisa ou lage m konsa?
- c. Tout sa ki pou te rive, rive!



31. Aprè lanmò Jezi, te gen yon pakèt bagay ki te pase, ki te natirèl ak sinatirèl, pou te montre siyifikasyon ak pouvwa lanmò li te genyen:

- a. Latè a te pran tranble, wòch yo te fann epi kavo yo te louvri.
- b. Yon tanpèt te leve, wòch yo te fann epi mòn yo te louvri.
- c. Latè a te pran tranble, bêt yo te pran kouri epi kavo yo te louvri.

32. Daprè Matye 28 : 1-7, ki moun ki te bay premye mesaj Jezi te leve byen vivan nan lanmò?

- a. Se te disip Pyè, Jak ak Jan
- b. Se te sòlda ki t ap tranble ak laperèz yo
- c. Se te fanm yo, Mari moun lavil Magdala ak lòt Mari a ki te al wè kavo a

33. Daprè Matye 28:19, Jezi te bay apot yo lòd sa a yon ti tan anvan yo te monte nan syèl la:

- a. Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke epi ki anba chay, m ap soulaje nou.
- b. Ale fè disip nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.
- c. Se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la

Repons:

1.a – 2.c – 3.a – 4.c – 5.b – 6.a – 7.c – 8.c – 9.a – 10.c – 11.c – 12.a – 13.c – 14.b – 15.c – 16.b – 17.b – 18.a – 19.a – 20.b – 21.a – 22.c – 23.b – 24.b – 25.a – 26.a – 27.b – 28.c – 29.b – 30.b – 31.a – 32.c – 33. b